



## Bi, priyorite, & objektif stratejik pou 2024

Jan konsèy administratil la apwouve l vandredi 8 septanm 2023

**Vizyon :** Disability Rights Florida vizyonnen yon lemond enklizif ki ofri opòtinite egalego pou moun ki gen andikap patisipe lib e libè avèk egalite, diyite e respè nan lasosyete.

**Misyon :** Disability Rights Florida defann, edike e plede pou pwoteksyon, pwogrè nan dwa, diyite, opòtinite egalego, oto-detèminezon e chwa pou tout moun ki gen andikap.

### Opòtinite e enklizyon egalego nan kominote a

Objektif 1 : Mete an kesyon obstak nan opòtinite e enklizyon egalego nan kominote a

<b>Enonse sou vizyon</b>	<b>Kesyon sible</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Etidyan ki gen andikap, sa gen ladan l timoun tou piti, pral resevwa yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE) nan yon anviwònman</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Edikasyon</li><li>▪ Fòmasyon pwofesyonèl</li><li>▪ Obstak an rapò ak travay</li><li>▪ Lojman</li></ul>

<p>ki gen mwens restriksyon e sèvis entèvansyon prekòz ki apwopriye.<sup>1</sup></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun ki gen andikap ki vle travay ap gen opòtinite pou yo gen yon anlwa entegre konpetitif grasa fòmasyon pwofesyonèl, aksè nan teknoloji dasistans, e amenajman rezonab nan travay la.</li> <li>• Moun ki gen andikap ap gen aksè nan kay oubyen apatman aksesib e entegre ki abòdab kote yo chwazi pou yo viv.</li> </ul>	
---	--

## Priyorite

- 1.1 **Edikasyon piblik apwopriye e gratis.** Entèvansyon onon etidyan ki gen andikap<sup>2</sup> pou sekirize Free Appropriate Public Education (FAPE) nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an, e sèvis entèvansyon prekos ki apwopriye.
- 1.2 **Mezi disiplin inapwopriye e restrent nan edukasyon piblik.** Entèvansyon onon etidyan ki gen andikap ki resevwa mezi disiplinè ki pa apwopriye, ki restrenn, ki izole, ki ranvwaye, ki ekspilse, ki arete, oubyen ki entène envolontèman an vèti Baker Act la.
- 1.3 **Blokis nan fòmasyon pwofesyonèl e ki an rapò ak travay.** Entèvansyon onon moun ki gen andikap, sa gen ladan l etidyan ki gen andikap e ki nan laj tranzisyon, ki gen blokis pou jwenn sèvis pwofesyonèl apwopriye, blokis nan travay pou jwenn amenajman rezonab, e lòt blokis ki an rapò ak travay.

---

<sup>1</sup> Yon edukasyon piblik apwopriye ki gratis (Free Appropriate Public Education, FAPE) vle di founi tout etidyan, alaj ant 3 e 21 an, yon edukasyon e sèvis dakonpayman san frè pou etidyan ki gen yon andikap oubyen paran oubyen gadò moun sa a eksepte pou frè ki enpoze tou pou etidyan ki pa gen andikap oubyen pou paran oubyen gadò moun sa yo. Pou l apwopriye, pwogram edikatif pou etidyan ki gen andikap dwe pou l konsewa prezizeman pou satisfè bezwen endividyèl pa etdiyan sa a menm jan ak bezwen etidyan ki pa gen andikap satisfè. Yon edukasyon apwopriye gendwa gen ladan yon edukasyon regilye oubyen ki konseswa espesyalman e èd e sèvis siplemantè pou okipe bezwen inik moun ki gen andikap.

<sup>2</sup> Etidyan ki gen plan edikatif endividyalize (Individualized Education Plan, IEP), 504 Plan, oubyen plan pou soutyen endividyèl famiyal (Individual Family Support Plan, IFSP)

- 1.4 **Lojman ekitab e amenajman ki an rapò ak lojman.** Entèvansyon onon moun ki gen andikap ki gen blokis pou jwenn lojman ekitab e amenajman ki an rapò ak lojman.
- 1.5 **Sibvansyon pou lojman.** Plede pou ogmantasyon sibvansyon pou lojman ki sekirize, ki aksesib, ki entegre, e ki abòdab pou moun ki gen andikap.
- 1.6 **Dwa sou edikasyon pou fanmi e pwofesyonèl.** Founi edikasyon sou Individuals with Disabilities Education Act (IDEA), Americans with Disabilities Act (ADA), e Rehabilitation Act pou fanmi, pèsonèl nan distrik eskolè, e pèsonèl nan Division of Vocational Rehabilitation e Division of Blind Services.

### **Objektif stratejik**

- Ogmante sansibilizasyon sou kesyon FAPE pou etidyan ki gen andikap nan popilasyon defavorize<sup>2</sup>. [1.1.1]
- Entèvansyon pou jèn delenkan ki gen andikap e ki fèmèn nan etablisman koreksyon Florida ki te gen yon plan edikasyon endividyalize avan yo fèmèn jwenn FAPE nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an. [1.1.2]
- Ogmante aksè nan sèvis pwofesyonèl pou moun ki gen andikap nan popilasyon defavorize<sup>3</sup>. [1.3.1]
- Entèvansyon opre moun ki gen andikap ki deplase poutèt ouragan Ian nan lojman piblik oubyen lòt lojman tanporè pou asire amenajman e sèvis pou yon tranzisyon retou nan lojman pèmanan. [1.4.1]

---

<sup>3</sup> Gen nan popilasyon defavorize Florida a moun ki gen antesedan etnisite minoritè, moun oubyen kominote pòv, moun ki pa gen anglè long, moun nan zòn jewografik defavorize (riral oubyen iben), e moun ki idantifye kòm LGBTQIA+.

# Oto-detèminezon e tranzisyon nan otonomi e lavi kominotè

Objektif 2 : Soutni dwa pou oto-detèminezon e tranzisyon ale nan lavi otonòm oubyen lavi kominotè

<b>Enonse sou vizyon</b>	<b>Kesyon sible</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Etidyan ki gen andikap kite lekòl tou pare pou lavi antan moun nan laj majè k ap viv nan kominote a.</li><li>• Moun ki gen andikap pa sijè gadò ki pa nesesè.</li><li>• Moun ki gen andikap k ap viv nan etablisman enstitisyonèl resevwa sèvis nesesè pou fè tranzisyon depi nan enstitisyon ale nan etablisman nan kominote a.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Tranzisyon nan laj majè</li><li>▪ Ankadreman nan pran desizyon</li><li>▪ Oto-detèminezon</li><li>▪ Tranzisyon depi nan enstitisyon ale nan kominote a</li></ul>

## Priyorite

- 2.1 **Tranzisyon nan laj majè.** Entèvansyon onon etidyan ki gen andikap e ki nan laj tranzisyon<sup>4</sup> pou yo jwenn sèvis tranzisyon apwopriye nan distrik eskolè pa yo a, e pou sekirize amenajman rezonab nan etablisman apre klas segondè.
- 2.2 **Ankadreman nan pran desizyon.** Plede pou enplemantasyon atravè leta a pou Supported Decision Making (SDM) tankou yon altènatif pou gadò e founi edikasyon sou itilizasyon SDM kòm yon altènatif nan gadò.
- 2.3 **Edikasyon sou oto-detèminezon e tranzisyon ale nan lavi otonòm.** Founi edikasyon sou oto-detèminezon e pwosesis sou tranzisyon ale nan lavi otonòm pou fanmi, pèsonèl distrik eskolè, e etablisman apre klas detid segondè, e pèsonèl nan divizyon reyadaptasyon pwofesyonèl e divizyon pou moun avèg.

---

<sup>4</sup> Etidyan ki gen plan edikatif endividyalize (Individualized Education Plan, IEP), 504 Plan, oubyen plan pou soutyen endividyèl famiyal (Individual Family Support Plan, IFSP).

2.4 **Tranzisyon depi nan enstitisyon ale nan kominote a.** Plede pou moun ki gen andikap fè tranzisyon depi nan enstitisyon<sup>5</sup> ale nan kominote a.

### **Objektif stratejik**

- Ogmante sansibilizasyon e edikasyon sou pwosesis tranzisyon nan otonomi pou etidyan ki gen andikap ki alaj tranzisyon e fanmi defavorize<sup>6</sup>. [2.1.1]

---

<sup>5</sup> Etablisman pou tretman sante mantal, etablisman k ap resevwa Baker Act, prizon e etablisman jistis pou timoun, e lòt lokal enstitisyonèl.

<sup>6</sup> Gen nan popilasyon defavorize Florida a moun ki gen antesedan etnisite minoritè, moun oubyen kominote pòv, moun ki pa gen anglè long, moun ki idantifye kote riral oubyen iben, e moun ki idantifye kòm LGBTQIA+.

# Aksè nan soutyen e sèvis ki baze nan kominote a

Objektif 3 : Amelyore aksè nan soutyen e sèvis ki baze nan kominote a

<b>Enonse sou vizyon</b>	<b>Kesyon sible</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Moun ki gen andikap ap gen aksè nan sèvis apwopriye ki baze nan kominote a pou pèmèt yo viv nan kominote a avèk chwa pa yo sou soutyen e sèvis ki nesese.</li><li>• Moun ki gen andikap, sa gen ladan l moun ki nan bezwen medikal oubyen konpòtmantal ki konplèks, ap ka evite antre nan enstitisyon atravè aksè nan sèvis e soutyen ou gendwa bezwen pou yo ka kontinye viv nan kominote a jan sa pi otonòm posib.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Sèvis ki baze nan kominote a</li><li>▪ Swenyaj ki gen yon nesese medikal</li><li>▪ Sèvis swen alontèm</li><li>▪ Sèvis pou sante mantal</li></ul>

## Priyorite

- 3.1 **Swenyaj e sèvis ki baze nan kominote a.** Entèkansyon onon moun ki gen andikap pou jwenn aksè nan swenyaj ki gen yon nesese medikal e lòt sèvis apwopriye ki baze nan kominote a.
- 3.2 **Sibvansyon pou sèvis baze nan kominote a.** Plede an favè plis sibvansyon pou sèvis ki baze nan kominote a pou ede moun ki gen andikap k ap viv nan kominote a.
- 3.3 **Altènatif nan antre nan enstitisyon.** Plede an favè politik leta ki founi alènatif nan antre nan enstitisyon.
- 3.4 **Edikasyon sou disponiblite soutyen kominotè.** Edike moun k ap pran desizyon nan politik sou enpak lwa, règleman oubyen politik ki pwopoze ki gendwa diminye disponiblite soutyen kominotè e ogmante risk pou moun ki gen andikap antre nan enstitisyon.

## Objektif stratejik

- Elaji sèvis kominotè pou timoun ki gen yon dyagnosis pou toude IDD e pwoblèm sante mantal, sitou timoun ki gen konpòtman entans, ki ebeje initalman nan milye enstitisyonèl. [3.2.1]

# Aksè nan pwogram e sèvis piblik

## Objektif 4 : Amelyore aksè nan pwogram e sèvis piblik

Enonse sou vizyon	Kesyon sible
<ul style="list-style-type: none"><li>• Moun ki gen andikap ap gen aksè egalego nan sèvis e amenajman piblik, sa gen ladan l sèvis e founisè swen medikal.</li><li>• Moun ki gen andikap ap ka byen patisipe nan pwosesis elektoral la.</li><li>• Moun ki gen andikap ap gen aksè total e egalego nan sistèm transpò piblik e prive.</li><li>• Moun ki gen andikap ap gen aksè nan batiman, pwogram e sèvis gouvènmantal.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Amenajman piblik</li><li>▪ Sèvis gouvènmantal, sa gen ladan l sèvis e lojman dijans</li><li>▪ Vote</li><li>▪ Transpò</li></ul>

### Priyorite

- 4.1 **Aksè nan amenajman e sèvis piblik.** Entèkansyon onon moun ki gen andikap pou jwenn aksè nan sèvis e amenajman piblik, sa gen ladan l sèvis e founisè swen medikal.
- 4.2 **Aksè nan sèvis e pwogram gouvènmantal.** Entèkansyon onon moun ki gen andikap pou jwenn aksè nan sèvis e pwogram gouvènmantal.
- 4.3 **Aksè nan sèvis planifikasyon e retablisman nan katastwòf.** Fè entèkansyon onon moun ki gen andikap pou jwenn aksè nan sèvis planifikasyon e retablisman nan katastwòf ki apwopriye, ki aksesib, e ki ekivalan ak sèvis lòt moun resevwa.
- 4.4 **Vòt aksesib.** Plede an favè ekzpanzyon biwo vòt pou moun ki gen andikap.
- 4.5 **Transpò piblik e prive ki aksesib.** Plede pou moun ki gen andikap gen aksè total nan sistèm transpò piblik e prive ki sekirize, ki fyab, e ki aksesib konfòmman ak lwa e politik federal e leta anti-diskriminatwa.

### Objektif stratejik

- Idantifye sa ki bloke aksesibilite nan sit entènèt pou moun k ap vote ki gen andikap e plede avèk sipèvizè lokal nan eleksyon pou elimine blokis sa yo anvan sik eleksyon lane 2024 la. [4.4.1]

## Move tretman, neglians e vyolasyon dwa

Objektif 5 : Pwoteje moun ki gen andikap nan kominote a, nan enstitisyon, e nan lòt etablisman kont move tretman, neglians, e vyolasyon dwa.

Enonse sou vizyon	Kesyon sible
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun ki gen andikap k ap viv oubyen k ap resevwa sèvis e soutyen oubyen lòt tretman nan men enstitisyon oubyen etablisman se moun ki pwoteje kont move tretman, neglians, oubyen vyolasyon dwa.</li> <li>• Moun ki gen andikap k ap viv nan enstitisyon oubyen etablisman resevwa edikasyon sou dwa yo genyen e sou oto-defans.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Moun ki gen andikap k ap viv nan enstitisyon oubyen etablisman, sa gen ladan l :  Lojman an gwoup ; ICF / DD ; etablisman rezidans avèk èd ; etablisman leta avèk swen mantal ; etablisman k ap resevwa Baker Act ; prizon ; kazèn e etablisman jistis pou minè ; etablisman espesyalize nan swen pou moun ki pran chòk e domaj nan sèvo yo resevwa.</li> </ul>

### Priyorite

- 5.1 **Move tretman e neglians oubyen vyolasyon dwa (plent).** Fè ankèt sou plent sou move tretman e neglians oubyen vyolasyon dwa moun ki gen andikap ki swa ap viv oswa ap resevwa sèvis e soutyen oubyen lòt tretman nan men enstitisyon oubyen etablisman.
- 5.2 **Move tretman e neglians oubyen vyolasyon dwa (siveyans).** Anpeche move tretman, neglians oubyen vyolasyon dwa moun ki gen andikap apati siveyans peryodik enstitisyon oubyen etablisman yo.
- 5.3 **Move tretman e neglians oubyen vyolasyon dwa (admisyon nan etablisman).** Mentni sistèm admisyon ki dedye pou moun ki nan milye enstitisyonèl.
- 5.4 **Edikasyon sou move tretman e neglians oubyen vyolasyon dwa.** Fè edikasyon, fòmasyon, e sansibilizasyon moun ki gen andikap k ap viv nan enstitisyon oubyen etablisman pou edike yo sou dwa yo genyen e sou oto-defans.



## **Objektif stratejik**

- Fè siveyans tribinal la mande sou obligasyon sistèm prizon leta a pou founi swen adekwa e tretman pou prizonye ki ospitalize nan inite sante mantal prizon an. [5.2.1]

## Sansibilizasyon piblik la e chanjman nan politik

Objektif 6 : Sansibilize nan dwa moun ki gen andikap e edikasyon moun k ap pran desizyon nan politik.

<b>Enonse sou vizyon</b>	<b>Kesyon sible</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Moun ki gen andikap sitou sa ki nan popilasyon defavorize, ap konprann lwa ki pwoteje dwa yo genyen.</li><li>• Moun ki gen andikap ap gen yon konpreyansyon egzak sou sèvis DRF founi pou garanti dwa yo genyen.</li><li>• Moun ki gen andikap ap amelyore konpetans yo nan oto-defans grasa aksè nan fòmasyon DRF e materyèl sou defans.</li><li>• Moun ki gen andikap ap patisipe nan defans dwa e elaborasyon politik pou adrese gwo pwoblèm sistemik ki gen yon enpak dirèk sou lavi moun ki gen andikap.</li><li>• Moun k ap pran desizyon nan politik e pati prenan konprann lwa ki pwoteje dwa moun ki gen andikap.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Sansibilizasyon sou dwa</li><li>▪ Wòl DRF nan garanti dwa pou moun ki gen andikap</li><li>▪ Oto-defans</li><li>▪ Edikasyon moun k ap pran desizyon nan politik</li></ul>

### Priyorite

- 6.1 **Sansibilizasyon e edikasyon sou dwa.** Elaji sansibilizasyon e edikasyon, sitou pou popilasyon defavorize, pou ogmante konpreyansyon sou dwa moun ki gen andikap.
- 6.2 **Sansibilizasyon piblik pou sèvis DRF.** Sansibilize piblik la, sitou pou popilasyon defavorize, sou sèvis DRF e sou efò defans.
- 6.3 **Enfòmasyon e referans.** Edike moun ki gen andikap sou disponiblite resous kominotè nan founi enfòmasyon e referans nan pwosesis admisyon nan DRF.
- 6.4 **Oto-defans.** Edike moun ki gen andikap sou konpetans efikas nan oto-defans.
- 6.5 **Pwoblèm nan evolasyon.** Enplemantasyon yon pwogram politik piblik an repons pou kesyon kritik e k ap chanje avèk itilizasyon kòmantè e patisipasyon moun ki gen andikap e lòt pati prenan.

6.6 **Edikasyon moun k ap pran desizyon nan politik sou dwa.** Elike moun k ap pran desizyon nan politik, òganizasyon, e plede pou lwa e règleman ki gen yon enpak sou dwa moun ki gen andikap.

### **Objektif stratejik**

- Ogmante itilizasyon sèvis DRF pou moun nan popilasyon defavorize ki gen andikap, sitou sa ki nan zòn rural. [6.1.1]
- Ogmante pwomosyon materyèl oto-defans DRF pou popilasyon defavorize. [6.4.1]